ISSN:3030-3621

# SÚWRETLEW KÓRKEM ÓNERI TARAWINDA ISPANDIYAR SEYDIMOVTIŃ QOSQAN ÚLESI.

**Kamalova Gúlmaryam**
*Ózbekstan Mámleketlik konservatoriyası*
*Nókis filialı "Ulıwma kásiplik hám social-gumanitar*
*pánler kafedrası" "Muzıkatanıw" qánigeligi*
*3-kurs studenti:* ***Saparova Gwzal***

***Annotaciya:*** Bul maqalada xudojniktiń ómiri hám dóretiwshilik jumısı haqqında maǵlıwmat beriledi. Onda onıń kórkem óner jolına kirip keliwi, dóretiwshilik qáliplesiwi hám dóretken shıǵarmaları haqqında sóz etiledi. Maqala xudojniktiń shaxsın hám onıń dóretiwshilik miyrasın tanıstırıwǵa qaratılǵan.

***Gilt sózleri:*** xudojnik, súwretlew óneri, kórkem óner, jámiyet, bilimlendirimlendiriw, texnikum.

**Аннотация**: В данной статье представлена информация о жизни и творчестве художника. В нём рассказывается о его/её вступлении на путь искусства, становлении его творчества и созданных им произведениях. Статья посвящена личности художника и его творческому наследию.

**Ключевые слова:** художник, изобразительное искусство, искусство, общество, образование, техникум.



Súwretlew óneriniń rawajlanıwında xudojnik shaxsınıń ornı sheksiz. Sebebi hár bir xudojnik óz dóretiwshiligi arqalı tek ǵana kórkem obrazlardı jaratpaydı, al belgili bir dáwirdiń sociallıq, mádeniy hám ruwxıy kórinisin de sáwlelendiredi. Olardıń shıǵarmalarında tariyxıy waqıyalar, xalıq turmısı, milliy qádiriyatlar hám insan ruwxıylıǵına tán keshirmeler kórkem talqılanadı. Usi tárepten xudojnikler dóretiwshiligin úyreniw kórkem ónertanıw pániniń áhmiyetli bagdarlarınan biri bolip, ol kórkem ónerdiń jámiyet turmısındaǵı orni hám áhmiyetin túsiniwge xizmet etedi. Seydimov Ispandiyar Baxtiyarovich 1980-jıl 30-yanvarda Qaraqalpaqstan Respublikası Shımbay rayonında dúnyaǵa keldi. Ol miyrim-shápáátli shańaraqta ósti. Ákesi - Seydımov Baxtiyar Ájimuratovich (1952-1987) aydawshılıq kásibi menen shuǵıllanǵan ápiwayı, biraq ullı insan edi. Tilekke qarsı, tágdir onı erte sınadı. 1987-jılı barjoǵı 35 jasında qaytıs boldı. Biraq, jańa ǵana jeti jasqa kirgen Ispandiyar ushın bul awır sınaq boldı. Ákesiniń hadallıǵı, miynet súygishligi hám shańaraqqa sadıqlıǵı keyin ala Ispandiyardıń turmıslıq súrenine aylandı. Anası - Yusupova Marjangúl Dauletbaevna (1952-2015) pútkil ómirin tálim-tárbiyaǵa baǵıshlaǵan ustaz edi. Ol

oqıtıwshılıq jumısında júzlegen oqıwshılarǵa bilim berdi, sonday-aq, perzentlerin de ilimli, ádepli etip tárbiyalawǵa háreket etti. Mehriban hám miynetkesh ana sıpatında Marjangúl apa perzentlerine sabır-taqat, izzet-húrmet, ilimge qushtarlıq hám hadallıqtı úyretti. Ispandiyar kóp balalı shańaraqta ósedi. Onıń apa-qarındasları hám inileri bolıp, olardıń arasında mehir, doslıq, bir-birine súyenish bolıw sezimi kúshli edi. Ajapasińilleri Lala hám Gúlziba apa, inisi Islam menen birge ósip, qıyınshılıqlarǵa shıdaw, shańaraqtı qádirlew sıyaqlı qádiriyatlardı erte sezinip ósti.. Balalıq jıllarınan ol súwret salıwǵa qushtar boldı. Qaǵazǵa túsirilgen ápiwayı sızıqlarınıń artında úlken arzıwlar jasırınǵan edi. Ol kitaplarǵa qızıqsındı, tábiyattı baqlap, onıń reńlerin súwretlewge umtıldı. Usı qızıǵıwshılıǵı keyin ala onıń keleshektegi kásiplik iskerliginde sheshiwshi ról atqardı. 1997-jılı, barı-joǵı 17 jasında Ispandiyar óziniń dáslepki miynet jolın Qaraózek rayonındaǵı 1-sanlı balalar baqshasında jumısshı bolıp islewden basladı. Bul jumıs ápiwayı bolsa da, onda úlken turmıs sabaqları jasırınǵan edi. Ol kishkene balalardıń pákligin baqladı, insan qálbi hám mehirdiń qádirin tereńirek ańlay basladı. Áne usı dáwirde Ispandiyar qálbinde kórkem ónerge, dóretiwshilikke bolǵan mehir jáne de kúsheydi. Ol óz ármanına erisiw ushın isenimli qádem tasladı. 1998-jılı ol Q. Aymbetov atındaǵı Nókis mádeniyat texnikumına oqıwǵa kirdi. Bul dáwir Ispandiyardıń ómirindegi jańa basqısh boldı. Texnikumdaǵı úsh jıl onıń ushın tek ǵana bilim alıw emes, al dóretiwshilik pikirlewdi rawajlandırıw, óz jolın tabıw dáwiri boldı. Texnikumdaǵı ustazları oǵan kórkem óner sırların úyretti. Ol kóplegen dóretiwshilik ilajlarda qatnastı, kórgizbelerde óz jumısların kórsetti. Bul jıllar Ispandiyarǵa kúshli tásir qaldırdı. Ol ózin kórkem óner tarawına baǵıshlawǵa qatań qarar etti. 2001-jılı texnikumdı tabıslı tamamlap, miynet jolın bilimlendiriw tarawında dawam ettirdi. 2001-2005-jıllar aralıǵında Ispandiyar Baxtiyarovich Qaraózek rayonındaǵı 31-sanlı liceyde dógerek baslıǵı bolıp isledi. Bul dáwir onıń pedagog sıpatında qáliplesiwine tiykar saldı. Ol jaslarda kórkem ónerge qızıǵıwshılıq oyattı, olardıń talantın júzege shıǵarıw ushın ayanbay miynet etti. 2005-2010-jılları bolsa 31-sanlı mektepte laboratoriya baslıǵı lawazımında jumıs alıp bardı. Bul lawazım oǵan juwapkershilik, tártip-intizam hám shólkemlestiriwshilikti úyretti. Usı jıllar dawamında ol turaqlı túrde súwret salıwdan, dóretiwshilikten waz keshpedi. Keshqurınları óz ústinde islew, kórkem shıǵarmalardı úyreniw onıń turmısınıń ajıralmas bólegine aylandı. 2010-jıldan baslap Ispandiyar Baxtiyarovichtiń ómirinde jańa dáwir baslandı. Ol Qaraózek rayonındaǵı 16-sanlı balalar muzıka hám kórkem óner mektebinde muǵallim sıpatında jumıs basladı. Bul jer onıń ómiriniń mazmunına aylandı. Oqıwshılarǵa sabaq berip, ol tek súwret salıwdı emes, al kórkem ónerdi júrek penen seziwdi de úyretti. Onıń sabaqları ápiwayı shınıǵıw emes, al dóretiwshilik sayaxatqa uqsaytuǵın edi. Oqıwshıları oǵan mehir qoyıp, ustaz sıpatında húrmet etti. Búgingi kúnde de ol óz jumısın dawam ettirip, jas áwlad qálbinde kórkem ónerge muhabbat oyatıp kelmekte. Uaqıt ótip, Ispandiyar óz bilimlerin jáne de bayıtıwǵa qarar

etti.2017-jılı ol Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutına oqıwğa kirdi. "Súwrechilik" bağdarın tańlağan ol bul jerde kórkem ónerdiń názik sırların tereńirek úyrendi. Studentlik jılları oğan jańa imkaniyatlar esigin ashtı. Ol hár qıylı kórgizbelerde qatnastı, jańa doslar arttırdı, ustazlardan kórkem ónerdiń tereń mánisin úyrendi. 2021-jılı joqarı bilimlendiriwdi tabıslı tamamlap, maman xudojnik-pedagog sıpatında jumısın dawam ettirdi.

Insan ómirinde eń muqaddes hám eń qádirli orın - bul onıń shańarağı. Shańaraq - hár bir insannıń súyenishi, dárti hám quwanıshların bólisetuğın, oğan kúsh hám ilham bağıshlaytuğın orın. Seydımov Ispandiyar Baxtiyarovich te ómiriniń eń gózzal dáwirlerinde óz baxtın taptı. Ol ómirlik joldası, pikirles hám tilekles insan - Erejepova Dilbarxan Palniyazovna menen turmıs qurğan. Dilbarxan apa 1979-jılı Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Taqıyatas rayonında tuwılğan bolıp, tálim-tárbiya tarawında jumıs alıp baradı. Onıń kásibi de tikkeley jaslarğa baylanıslı. Sol sebepli bul eki insannıń ómiri, tágdiri hám maqsetleri bir-birine únles boldı. Ekewi de jaslardıń qálbine bilim, tárbiya hám jaqsılıq tuqımların egiwdi óziniń turmıslıq minneti dep bildi. Olardıń shańarağı - mehir hám tatıwlıq mákanı. Dilbarxan apa Ispandiyar Baxtiyarovichtiń tek ğana ómirlik joldası emes, al dostı, keńesgóyi hám pikirles sıpatında bárqulla janında bolıp kelmekte. Bul baxıtlı shańaraqta eki perzent kamalğa kelmekte. Olardıń úlken ulları Daniyar 2003-jılı tuwılğan. Daniyar jaslığınan ata-anasınıń miynet súygishligin, umtılıwshańlığın kórip ósti. Búgingi kúnde ol Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde bilim alıp, ilimiy hám dóretiwshilik jumısta óz ornın tabıwğa umtılmaqta. Ol shańarağınıń isenimin aqlaw, keleshekte jámietke paydalı insan bolıwdı óz aldına maqset etip qoyğan. Kishi ulları Damir bolsa 2011-jılı dúnyağa kelgen. Ol házir mektepte bilim almaqta. Mehriban hám mehirli shańaraqta ósip kiyatırğan Damir de ata-anasınıń arzıw-nietleri, keleshekke bolğan isenimi hám quwanıshınıń tımsalı bolıp tabıladı. Onıń pák kúlkisi, ómirge bolğan qızığıwshılığı shańaraqtıń quwanıshına quwanısh qosadı. Perzentler ata-ananıń ómirindegi eń úlken baylıq, eń úlken investiciya ekenin hár bir ata-ana jaqsı biledi. Seydımov Ispandiyar Baxtiyarovich hám onıń ómirlik joldası perzentlerin tek ğana materiallıq jaqtan emes, al ruwxıy jaqtan da tárbiyalawğa úlken itibar qaratpaqta. Olar perzentlerinde ilimge qushtarlıq, miynet súygishlik, hadallıq, úlkenlerge húrmet hám kishilerge mehir sıyaqlı pazıyletlerdi sińdiriwge umtılmaqta. Sebebi olar jaqsı biledi, keleshek perzentlerdiń qolında, búgingi tárbiya erteńgi nátiyjeniń tiykarı esaplanadı. Solay etip, Seydımovlar shańarağı tek ğana bir úyde jasaytuğın insanlar kompleksi emes, al mehir, sadıqlıq, miynet hám jaqsılıq úylesken orın bolıp esaplanadı. Bul shańaraq jámiet ushın da úlgi, oqıwshılar ushın da turmıslıq úlgi bolıp esaplanadı. Ispandiyar Baxtiyarovich shańarağınan kúsh, qollap-quwatlaw hám ilham alıp, dóretiwshilik hám pedagogikalıq jumısın dawam ettirmekte.